Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение «Средняя общеобразовательная школа с. Донгарон» муниципального образования – Пригородный район Республики Северная Осетия - Алания

| «Рассмотрено» | «Согласовано» | «Утверждаю» |
| --- | --- | --- |
| Руководитель МО | Заместитель директора по УВР МБОУ СОШ с. Донгарон | Директор МБОУ СОШ с. Донгарон |
| Касаева А.Г. | Саухалова В.Р. | Хетагуров Э.А. |
| Протокол № 1 | «30» 08 2017 г. | Приказ № 69 |
| от «28» 08 2017г. | | от «7» 09 2017г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## по родному языку

## для 5 класса

## на 2017 – 2018 учебный год

с. Донгарон

# ТЕМАТИКОН ПЪЛАН МАДÆЛОН ÆВЗАГÆЙ 5-ÆМ КЪЛАСÆН.

Программæмæ гæсгæ – 102 сах.

Уыдонæй:

- æвзаджы теори ахуыр кæнынæн - 88 сах.
- ныхасы рæзтыл куыстæн - 14 сах.

НЫХАСЫ РÆЗТ

ДЗУРГÆ НЫХАСЫ РÆЗТ

Тексты темæ бæрæг кæнын зонын.

ФЫСГÆ НЫХАСЫ РÆЗТ

Изложенитæ фыссын чысыл таурæгъон радзырдтæй:

а) цæсгæмттæ йæ ивгæйæ; б) ивгъуыд афон нырыккон афонæй ивгæйæ æмæ æнд. ахæм хуызты.

Скъолайы., кæнæ царды уавæрты фæдыл фыстæг ныффыссын; исты снысангонд хъуыддагæн пълан саразын.

| № | Темæ | Сах. | Равзаринаг фарстатæ | Бон. |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Æвзаг – адæмæн сæ кæрæдзийы æмбарыны сæйраг фæрæз. | 1 | Мадæлон æвзаджы ахадындзинад ахуырдзаутæн бамбарын кæнын. | |
| 2. | Сочинени «Ахуыры азы фыццаг бон». | 2 | Ныхасы рæзтыл бакусын. | |
| 3. | Дзырды хæйттæ. | 2 | Дзырды хæйттæ раст хицæн кæнынꙇ архайын. | |
| 4. | Дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад. | 1 | Дæргъвæтингонд æмхъæлæсонтæ цы дзырды хæйтты æмбæлынц, уыдон ныффидар кæнын. | |
| 5. | Номдарты тасындзæг. | 1 | | |
| 6. | Мивдисæджы ивынад. | 1 | Мивдисджыты нысаниуæг ныффидар кæнын. | |
| 7. | Контролон диктант. | 1 | Рацыд æрмæгæй – дæргъвæтин æмхъ., стæй мивдисджыты ивгъуыд афонадыл растфыссынад. | |
| 8. | Дзырдбаст. | 1 | Дзырдбастæй дзырд цæмæй хицæн кæнæ æмæ дзырдбасты мидæг дзырдтæ куыд баст цæуынц, уыдæдтæ раиртасын. | |
| 9. | Дзырдбаст æвзарыны фæтк. | 1 | Дзырдбаст схемæмæ гæсгæ æвзарын зонын. Ныхасы рæзтыл бакусын. | |
| 10. | Изложени. | 2 | Ныхасы рæзтыл бакусын. | |
| 11. | Хъуыдыйад. | 1 | Хъуыдыйады тыххæй æмбарынад, ахуырдзаутæн бацамонын. | |
| 12. | Хъуыд-ды хуызтæ сæ загъды нысанмæ æмæ интонацимæ гæсгæ. | 1 | Растфыссынадыл бакусын. | |
| 13. | Хъуыд-ды уæнгтæ. Сæйраг уæнгтæ. | 1 | Райдиан къласты хъуыд-ды уæнгты тыххæй цы базыдтой, уы рафæлхатын. | |
| 14. | Хъуыд-ды фæрссаг уæнгтæ. Æххæстгæнæг. | 1 | Æххæстгæнæг бацамонын æмæ йæ практикон æгъдауæй ныффидар кæнын. | |
| 15. | Бæрæггæнæн. | 1 | Фæрссаг уæнг – бæрæггæнæг бацамонын. | |
| 16. | Фадатон дзырдтæ. | 1 | Фадатон дзырдты нысаниуæг бацамонын. | |
| 17. | Сфæлдыстадон диктант (Тексты райдианмæ гæсгæ ныффыссын радзырдæн йæ кæрон). | 1 | Растфыссынадыл бакусын. | |
| 18. | Цыбыр æмæ дæргъвæтин хъуыдыйæдтæ. | 1 | Хуымæтæг хъуыд-тæ, фæрссаг уæнгтæ дзы ис нæ, уымæ гæсгæ кæй дих кæнынц хуымæтæг даргъ æмæ хуымæтæг цыбыр хъуыдыйадыл, уый бамбарын кæнын. | |
| 19. | Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ. | 2 | Сæйраг уæнгтæ дæр æмæ фæрссаг уæнгтæ дæр æмхуызон, уæнгты ролы кæй вæййынц, уый бамбарын кæнын. | |
| 20. | Сидæн. | 1 | Сидæны тыххæй æмбарынад ныффидар кæнын. | |
| 21. | Хуымæтæг хъуыдыйад æвзарыны. | 1 | Пъланмæ гæсгæ хъуыдыйад æвзарын махуыр кæнын ахуырдзауты. | |
| 22. | Æмбарынгæнæн диктант. | 1 | Растфыссынадыл бакусын. | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 23. | Вазыгджын хъуыдыйад æмæ йæ равзарыны фæтк. | 2 | Вазыгджын хъуыдыйады æрхæцæн нысæнтты æвæрынад. | |
| 24. | Комкоммæ ныхас. | 1 | Комкоммæ ныхасимæ æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрын сахуыр кæнын. | |
| 25. | Диолог. | 1 | Диолоджы æрхæцæн нысæнтты æвæрынад. | |
| 26. | Сочинени «Чиныг-зонындзинæдты къæбиц». | 2 | Ныхасы рæзтыл куыст. | |
| 27. | Синтаксис æмæ пунктуацийæ æрмæг зæрдыл æрлæууын кæныны урок. | 1 | Рацыд æрмæг сфæлхатын. дзырдуатон куыст бакæнын. | |
| 28. | Контролон диктант. Рæдыдтытыл куыст. | 2 | Растфыссынадыл бакусын. | |
| 29. | Фонетикæ. Ныхасы мыртæ. Сæ равзæрд. | 1 | Бацамонын цы у фонетикæ, куыд равзæрынц мыртæ, уый. | |
| 30. | Хъæлæсон мыртæ. | 1 | Хъæлæсонтæ цал æмæ цавæртæ сты, уый бацамонын. | |
| 31. | Æмхъæлæсон мыртæ. | 1 | Æмхъæлæсонтæ цал сты уый бацамонын. | |
| 32. | Дамгъæуат. | 1 | Мыр æмæ дамгъæ кæрæдзийæ иртасын базонын. | |
| 33. | Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты къордты къордтæ, сæ растфыссынад. | 1 | Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты къордты растфыссынад. | |
| 34. | Хъæлæсонты фембæлд дзырдты кæрон æмæ райдайæны. | 1 | Апостроф æвæрыны æгъдæу бацамонын. | |
| 35. | Уæ æмæ æуæ-йы æлвæстад. | 1 | Растфыссынады æгъдæуттæ уæ æмæ æуæ-имæ. | |
| 36. | Изложени. | 2 | Ныхасы рæзтыл бакусын. | |
| 37. | Уæнг. | 1 | Уæнджы нысаниуæг бацамонын. | |
| 38. | Дзырд иу рæнхъæй иннæмæ хæссыны æгъдæуттæ. | 1 | Дзырдты иу рæнхъæй иннæмæ хæссын æгъдæуттæ бацамонын. | |
| 39. | Цавд. | 1 | Ахуырдзаутæн бамбарын кæнын цавд æгъдæуттæ (ныхасы хæйтты, нæмтты дзырдбæстыты). | |
| 40. | Дзырды фонетикон æвзæрсты фæтк. | 1 | Фæткмæ гæсгæ фонетикон æгъдауæй дзырд раст æвзарын сахуыр кæнын ахуырдзауты. | |
| 41. | контролон диктант грамматикон хæслæвæрдимæ. | 1 | Диктанты æмæ хæслæвæрды руаджы сбæрæг кæнын ахуырдзауты зонындзинæдтæ. | |
| 42. | Рæдыдтытыл куыст. | 1 | Контролон диктанты фæстиуджытыл æрдзурын æмæ рæдыдтытыл бакусын. | |
| 43. | Дзырды лексикон нысаниуæг. | 2 | Раттын иумæйаг зонындзинæдтæ лексикæйæ: дзырды лексикон нысаниуæг, иунысанон æмæ бирæнысанон дзырдтæ. | |
| 44. | Комкоммæ нысаниуæг æмæ ахæсгæ нысаниуæг. | 1 | Ахуырдзаутæн бамбарын кæнын дзырдтæн комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуæг кæй ис, уый. | |
| 45. | Синонимтæ. | 1 | Синонимты нысаниуæг бацамонын. | |
| 46. | Сочинени «Мæ уарзон чиныг». | 2 | Ныхасы рæзтыл бакусын. | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 47. | Антонимтæ. | 1 | Антонимты нысаниуæг бацамонын. | |
| 48. | Омонимтæ. | 1 | Омонимтæ нысаниуæг бацамонын. | |
| 49. | Кæронбæттæн урок лексикæйæ. | 1 | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын. | |
| 50. | Фæдзæхстон диктант. | 1 | | |
| 51. | Дзырды хæйттæ. | 2 | Дзырды хæйттæ зæрдыл æрлæууын кæнын. | |
| 52. | Разæфтуантæ æмæ сæ нысаниуджытæ. | 1 | Разæфтуанты нысаниуджытимæ базонгæ кæнын ахуырдзауты. | |
| 53. | Хъæлæсонты рахауд æмæ æлвæстад разæфтуанты фæстæ. | 2 | Разæфтуанты фæстæ цы мырон ивддзинæдтæ æрцæуы, уыдон ахуырдзаутæн бацамонын. | |
| 54. | Æзылангон æмхъæлæсон мырты зылангонкæнынад разæфтуанты фæстæ. | 1 | Растфыссынадыл бакусын. | |
| 55. | Контролон диктант. | 1 | Ахуырдзауты зонындзинæдтæ сбæрæг кæнын. | |
| 56. | Рæдыдтытыл куыст. | 1 | Ахуырдзаутæ цы рæдыдтытæ фæуагътой, уыдоныл бæстон куыст бакæнын. | |
| 57. | Фæсæфтуантæ. | 1 | Фæсæфтуанты нысаниуæг бамбарын кæнын ахуырдзаутæн. | |
| 58. | Æмхъæлæсон мырты æмхуызонад дзырдтæм разæфтуантæ æмæ фæсæфтуантæ æфтаугæйæ. | 1 | Растфыссынадыл бакусын. | |
| 59. | Аразæг бындур. | 1 | Ахуырдзаутæн бацамонын аразæг бындуры нысаниуæг. | |
| 60. | Иумæйаг æмбарынад ныхасы хæйтты тыххæй. Номдар. | 2 | Номдары грамматикон æууæлтыл бæстон æрдзурын. | |
| 61. | Иумæйаг æмæ сæрмагонд номдартæ. | 1 | Иумæйаг æмæ сæрмагонд номдарты нысаниуæг бамбарын кæнын. | |
| 62. | Изложени. | 2 | Ныхасы рæзтыл бакусын. | |
| 63. | Номдарты нымæц. | 1 | Ахуырдзаутæн бацамонын номдарты бирæуон нымæцы хиц-ад. | |
| 64. | Номдарты тасындзæг. | 1 | Бæлвырд æрдзурын номдарты ивындзинадыл. | |
| 65. | Номдарты бирæуон нымæц аразынын хицæндзинæдтæ. | 1 | Иукъорд номдартæй æрмæст бирæуон нымæцы цæуы пайдагонд, ууыл æрдзурын. | |
| 66. | Номдарты миногонты ролы. Номдар æвзарыны фæтк. | 1 | Ахуырдзаутæн бацамонын номдартæ арæх кæй вæййынц миногонты ролы уый. | |
| 67. | Контролон диктант. | 1 | Ахуыргæнинæгтæ номдарæй цы æрмæг базыдтой, уый сбæрæг кæнын. | |
| 68. | Рæдыдтытыл куыст. | 1 | Диктанты фæстиуджытыл æрдзурын æмæ скæнын хатдзæгтæ. | |
| 69. | миногон. Миногонты бастдзинад номдартимæ. | 2 | Миногонты грамматикон æууæлты тыххæй ахуыргæнинæгты зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын. | |
| 70. | Миниууæгæвдисæг æмæ ахастæвдисæг миногонтæ. | 1 | Миногонты хицæндзинæдтæ бацамонын. | |
| 71. | Миногонты бæрцбарæнтæ. | 1 | Миногонты бæрубарæнтыл бæстон æрдзурын. | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 72. | Миногонты тасындзæг. Миногон æвзарыны фæтк. | 2 | Скъоладзаутæн бацамонын миногонты тасындзæджы хицæндзинæдтæ. | |
| 73. | Сочинени нывмæ гæсгæ. | 2 | Ныхасы рæзтыл бакусын. | |
| 74. | Нымæцон. нымæцоны бастдзинад номдартимæ. | 2 | Бæстон æрдзурын нымæцоны грам-он хицæндзинæдтыл. | |
| 75. | Бæрцон æмæ рæнхъон нымæцонтæ. | 2 | Бæрцон æмæ рæнхъон нымæцонты нысаниуæг бацамонын ахуырдзаутæ. | |
| 76. | нымæцон æвзарыны фæтк. | 1 | Нымæцон бæсвырд фæткмæ гæсгæ æвзарын. | |
| 77. | Контролон диктант. | 1 | Рацыд æрмæгæй зонындзинæдтæ сбæрæг кæнын. | |
| 78. | Рæдыдтытыл куыст. | 1 | Хатдзæгтæ скæнын. | |
| 79. | Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын æмæ ныффидар кæнын. | 5 | Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын. | |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**
**по учебному курсу «Родной язык»**
**5 класс**
**Базовый уровень**

(102 час)

# ÆМБАРЫНГÆНÆН ФЫСТÆГ

5-æм къласы мадœлон æвзаджы Кусæн программæ цæттæгонд æрцыд Федералон паддзахадон ахуырадон стандарты домæнтæм гæсгæ. Программæ арæзт у Мадœлон æвзаг æмæ литературæйы программæты бындурыл (сфидар сæ кодта Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады министрад, Дзæуджыхъæу, 2005).

**Программæйы нысан:**

- ✓ Мадœлон æвзаг ахуыр кæныны нысантæ æмæ фæстиуджытæ фæхуыздæр кæнын;
- ✓ ног ахуырадон стандартмæ гæсгæ астæуккаг скъолайы мадæлон æвзаг ахуыр кæныны технологитæ ивд кæй цæуынц, уый хынцгæйæ мадœлон æвзаджы уроктæм ивддзинæдтæ бахæссын;
- ✓ астæуккаг скъолайы мадœлон æвзаг ахуыр кæныны ахадындзинад фæбæрзонддæр кæнын.

**Программæйы мидис:**

Астæуккаг скъолайы ахуырдзауты зонгæ кæнынц мадœлон литературон æвзаджы нормæтимæ, ахуыр сæ кæнынц хи ныхас литературон æвзагмæ гæсгæ аразыныл. Ацы уавæрмæ гæсгæ мадœлон æвзаджы ахуыртæ дæр арæзт сты ирон литературон æвзаджы тыххæй скъоладзаутæн зонындзинæдтæ раттынмæ.

Фæлæ уыимæ, ахуырдзауты зонгæ кæнынц мадœлон æвзаджы равзæрдимæ, йæ структурон арæзтимæ, æвзаджы иуæгтимæ.

Программæ ахуырдзауты зонгæ кæны æвзаджы ахæм æмбарынæдтимæ:

- ✓ фонетикæ, фонетикæйы æмбарынæдтæ; лексикæ, лексикæйы æмбарынæдтæ; орфографи, орфограммæйы æмбарынад, орфограммæты хуызтæ;
- ✓ морфемикæ æмæ дзырдарæзт;
- ✓ синтаксис æмæ пунктуаци;
- ✓ морфологи, ныхасы хæйттæ: номдар, миногон æмæ нымæцон;
- ✓ иумæйагæй æвзаджы тыххæй зонындзинæдтимæ: æвзаджы равзæрды фарстатæ, æвзаджы ахадындзинад æхсæнады царды;
- ✓ программæмæ хаст æрцыдысты, ныхасы рæзтыл куыст цы æмбарынæдты бындурыл арæзт цæуы, уыдон: текст, тексты арæзт, хъуыдыйæдты бастдзинад тексты, тексты функционалон хуызтæ ирон æвзаджы;
- ✓ мадœлон æвзаджы графикæ, орфографи æмæ пунктуаци, æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæуттæ.

Ранымад зонындзинæдтæй уæлдай ма программæйы бæрæггонд цæуынц, 5-æм къласы ахуырдзаутæ цы орфографион, пунктуацион æмæ ныхас аразыны арæхстдзинæдтæ хъуамæ райсой, уыдон дæр.

## 5-æм къласы Мадœлон æвзаджы Кусæн программæйы структурæ:

5-æм къласы мадœлон æвзаджы кусæн программæ арæзт у системондзинад æмæ наукондзинады принциптыл. Программæйы хъусдард цыд, цæмæй йæ домæнтæ ахуыргæнджытæн уой æнцон баххæстгæнæн, цы æмбарынæдтæ дзы амынд цæуы, уыдон та скъоладзаутæн – æнцон бамбарæн.

Программæйы æрмæджы равæрд у ахæм: синтаксис æмæ пунктуаци, фонетикæ, орфоэпи, графикæ æмæ орфографи, лексикæ, морфемикæ, морфологи.

Ныхасы рæзтыл куыст фæпарахатдæр кæныны тыххæй æвзаджы æмбарынæдтæ лæвæрд цæуынц ныхасы рæзтыл куыстытимæ æнгом бастæй, æвзаджы иуæгтæн ныхасы мидæг цы ахадындзинад ис, уый амонгæйæ. Ныхасы рæзтыл куыстытæн сæ ахадгæдæртæ сты тексты бындурыл æххæсгæнæн фæлтæрæнтæ, кæцытæ бæрцæй лæвæрд цæуынц грамматикæ амоныны куысты хуызтимæ.

Æрмæджы равæрды хынцгонд æрцыдысты скъоладзауты кары хицæндзинæдтæ дæр. Зæгъæм, темæтæ «Лексикæ», «Дзырдарæзт», «Морфологи»-йы æмбарынæдтæй бирæтæ хаст æрцыдысты канд 5-æм къласы программæмæ нæ, фæлæ 6-æм къласы программæмæ дæр.

Программæйы стыр бынат ахсы рацыд æрмæг фæлхат кæнынып куыст. 5-æм къласы «Райдайæн кълæсты рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын»-æн лæвæрд цæуы 10 сахаты. Уымæй уæлдай ма алы ног темæ дæр амынд цæуы рацыд æрмæджы бындурыл, кæронæй та æнæмæнг хъуамæ цæуа рацыд æрмæг фæлхат кæнынып куыст.

Программæйы бæррæггонд æрцыд ахуыры азы сахæтты нымæц, алы темæйæн дæр дзы цас лæвæрд цæуы, уый.

## Кусæн программæйы нысан æмæ хæстæ

**Программæйы сæйраг нысан:** ахуырадон предмет «Мадœлон æвзаг» 5-æм къласы ахуырдзаутæн дæтты зонындзинæдтæ сæ мадæлон æвзаджы тыххæй, рæзын сын кæны сæ æвзаджы æмæ ныхасы арæхстдзинæдтæ. 5-æм къласы Кусæн программæйы нысан у: ахуырдзауты æвзаджы æмбарынæдтимæ базонгæ кæнын, практикон æгъдауæй сæ пайда кæнынып фæцалх кæнын.

Программæйы сæйрагдæрыл нымад цæуы ***æвзагон*** æмæ ***лингвистикон, коммуникативон*** компетенцитæ (арæхстдзинæдтæ), ***культурæамонынады*** (*культуроведческая*) компетенци рæзын кæнын.

*Ævзагон æмæ лингвистикон арæхстдзинад (компетенци)* – зонын мадæлон æвзаджы наукон бындуртæ, мадæлон литературон æвзаджы нормæтæ; бакусын дзырдуат хъæздыг кæныныл, райсын грамматикон зонындзинæдтæ; æвзаджы иуæгтæн анализ кæнынмæ арæхсын, æвзаджы дзырдуæттæй пайда кæнын зонын.

*Коммуникативон компетенци* (арæхстдзинад) амоны, цæмæй скъоладзаутæ арæхсой ныхасы хуызтæй (дзургæ, фысгæ, хъусгæ) пайда кæнынмæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ арæхсой сæ ныхас аразынмæ.

*Культурæамонынады (культуроведческая) компетенци* – мадæлон æвзаг ирон адæмы культурæимæ зонгæ кæныны фæрæз кæй у, уый æнкъарын; æвзаджы бастдзинæдтæ истори æмæ адæмы культурæимæ, ирон ныхасы этикетон нормæтæ зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын.

***Иумæйагæй ахуырадон предмет «Мадæлон æвзаджы» сæйраг хæстæ сты:***

- ахуырты скъоладзаутимæ хъомыладон куыст кæнын;
- логикон хъуыдыкæнынады рæзтыл кусын;
- скъоладзауты фæцалх кæнын хиуыл кусыныл, мадæлон æвзаг хибарæй ахуыр кæныныл;
- иумæйаг ахуырадон арæхстдзинæдтæ рæзыныл куыст (удгоймагон, регулятивон, зонындзинæдтæ исыны (познавательный), коммуникативон).

**Предметы хицæндзинад:**

**Мадæлон** ***æвзаг*** у ирон адæмы уд æмæ зонд, ирон адæмы культурæйы хæзнадон; ирон æвзаг у ныхас кæныны, хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз, нæ адæмы царды тыххæй зонындзинæдтæ кæрæдзийæн дæттыны фæрæз. Ранымад уавæртæ амонынц предметы хицæндзинад: мадæлон æвзаг хъæздыгдæр æмæ мидисджындæр кæны скъоладзауты миддуне, сæ дунембарынад; ирон æвзаджы фæрцы сывæллæттæ базонгæ уыдзысты сæ рагфыдæлты историимæ, нæ адæмы културæ æмæ царды уагимæ.

Ævзаг канд хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз нæу, æвзаг у хъомылады хотых, æмæ уымæ гæсгæ ирон æвзаджы ахуыртæн скъолайы ис стыр ахадындзинад.

**Ахуырты рæстæг пайдагонд цæуы ахæм ахуырадон технологитæй:**

- ✓ скъоладзаутæм индивидуалон цæстæй кæсыны технологи (дифференциаци);
- ✓ проблемон ахуыртæ;
- ✓ информацион-коммуникативон технологи;
- ✓ æнæниздзинад хъахъхъæныны технологи;
- ✓ бæрæггæнæнты инновацион системæ, «портфолио»;

- ✓ коллективон куысты хуызтæ (къæйттæй куыст, къордты куыст);
- ✓ проектон-иртасæн технологи.

### *Кусæн программæмæ хаст ивддзинæдтæ*

Мадœлон æвзаг æмæ литературæйы ахуырадон программæты (Дзæуджыхъæу, «Ир», 2005 аз) 5-æм къласы мадœлон æвзаг ахуыр кæнынæн лæвæрд цæуы 102 сахаты. Фæлæ программæйы темæтæм гæсгæ сахæтты нымæц раст бæрæггонд нæ цæуы, уымæн æмæ темæтæм гæсгæ сахæтты нымæц куы банымайæм, уæд уыдзысты æрмæст 89, программæмæ гæсгæ та хъуамæ уой 102 (къуыри 3 сахаты). Ахуыры азы ис 34 къуырийы кæй ис, уымæ гæсгæ сахæтты нымæц дæр уайы 102 (3 сахаты 34 ахат кæнын). Афтæмæй, 5-æм къласы мадœлон æвзаджы сахæттæ æцæгæйдæр сты 102.

Нæ Кусæн программæйы дæр лæвæрд цæуы ацы сахæтты нымæц.

Мадœлон æвзаг æмæ литературæйы ахуырадон программæимæ абаргæйæ, 5-æм къласы Кусæн программæмæ хаст æрцыдысты ***ахæм ивддзинæдтæ:***

1. Фæфылдæр кодтам райдайæн кълæсты рацыд æрмæг фæлхат кæнынил куысты сахæттæ (Ахуырадон программæйы лæвæрд ис 6 сахаты, Кусæн программæйы та – 10 сахаты). Махмæ гæсгæ, уый хорз æххуыс фæуыдзæн райдайæн скъола æмæ астæуккаг скъолайы 'хсæн бастдзинад фæхуыздæр кæнынæн, темæтæм æнцондæрæй рахизынæн; скъоладзауты ног куысты хуызтимæ рацыд æрмæгыл æнцой кæнгæйæ базонгæ кæнынæн.

2. Фылдæргонд æрцыдысты ныхасы рæзтыл куысты сахæттæ, фæхъæздыгдæр сты коммуникативон куысты хуызтæ.

3. Ахуырадон программæйы бæрæггонд цæуынц темæтæ: «Текст. Йæ темæ. Стильтæ», «Тексты хуызтæ. Таурæгъон ныхас. Предметы æрфыст».

Фæлæ бафиппайын хъæуы, ацы темæтыл 5-æм къласы куыст кæй нæ цæуы, уымæн æмæ ахуыргæнæн чиныджы (йæ автортæ – Дзодзыккаты З.Б. æмæ Джиоты Г.Х.) темæтæ бацамонынæн æрмæг лæвæрд нæй.

Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ Ахуырадон программæйы тексты æмбарынад, текстимæ баст темæтæ раст фæткыл æвæрд кæй не сты, текстыл практикон æгъдауæй бакусынæн æххæст фадæттæ кæй нæ аразынц.

Бафиппаинаг ма у ахæм хъуыддаг дæр: Ахуырадон программæйы грамматикон темæты фарсмæ бæрæггонд цæуы темæ ***Ныхасы культурæ***. Фæлæ программæйы амынд нæ цæуынц ацы темæ раргом кæныны мадзæлттæ, бæрæггонд дзы не 'рцыдысты темæимæ баст ахуырдзауты зонындзинæдтæм домæнтæ.

Ранымад хатдзæгтæм гæсгæ, нæ Кусæн программæйы текстыл бакусынæн темæтæм стæй сæ мидисмæ хаст æрцыд ивддзинæдтæ.

Текстимæ баст темæтæ лæвæрд цæуынц ахæм фæткыл:
«Текст», «Тексты темæ», «Тексты сæйраг хъуыды», «Тексты арæзт, абзац», «Хъуыдыйæдты бастдзинад тексты», «Тексты хуызтæ».

Ацы æмбарынæдтыл 5-æм къласы хъуамæ фылдæр куыст цæуа, бæлвырддæр иртæстгонд хъуамæ цæуой, уымæн æмæ хорз æххуыс сты ныхасы рæзтыл бакусынæн.

Ныхасы рæзтыл куыст фæрæвдздæр кæнынæн ма æххуыс сты программæмæ хаст темæтæ: «Лексикæйы аивгæнæн мадзæлттæ», «Сидæны нысаниуæг аивадон тексты», «Хъæрон æмæ фарстон хъуыдыйæдты нысаниуæг аивадон тексты».

Стандартмæ гæсгæ, ахуыргæнæджы бон у программæмæ ивддзинæдтæ бахæссын, зæгъæм, кæцыдæр темæтæн фылдæр кæнæ къаддæр сахæттæ раттын (ацы хъуыддаг аразгæ у скъоладзауты цæттæдзинадæй), ныхасы рæзтæн фылдæр сахæттæ рахицæн кæнын, куысты хуызтæ аивын.

Ранымад уавæртæ зæрдыл даргæйæ, 5-æм къласы мадæлон æвзаджы Кусæн программæйы æрмæг темæтæм гæсгæ лæвæрд цæуы афтæ:

| *Программæйы мидис* | *Сахæтты нымæц 2005 азы фидаргонд Ирон æвзаджы ахуырадон программæйы* | *Сахæтты нымæц Кусæн программæйы* |
|---|---|---|
| Æвзаг – адæмæн сæ кæрæдзийы æмбарын кæныны фæрæз | 1 сах. | 1 сах. |
| Райдайæн кълæсты рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын | 6 сах. | 10 сах. |
| Текст. Тексты æмбарынад. | | 1 сах. |
| Синтаксис æмæ пунктуаци. Ныхасы культурæ. | 18+6 сах. | 18+6 сах. |
| Тексты темæ. | | 1 сах. |
| Фонетикæ, орфоэпи, графикæ æмæ орфографи. Ныхасы культурæ. | 10+2 сах. | 10+2 сах. |
| Тексты сæйраг хъуыды. | | 1 сах. |
| Лексикæ. Ныхасы культурæ | 8+2 сах. | 8+2 сах. |
| Тексты арæзт, абзац | | 2 сах. |
| Морфемикæ. Орфографи. Ныхасы культурæ. | 10+2 | 10+2 |
| Хъуыдыйæдты бастдзинад тексты | | |
| Морфологи. Орфографи. Ныхасы культурæ. | 1сах. | 1сах. |

| | | |
|---|---|---|
| Сæрмагонд æмæ æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ. | | |
| Номдар | 5+1 | 5+1 |
| Тексты хуызтæ. Таурæгъон текст. | | 2 сах. |
| Миногон | 4+2 с. | 4+2 с. |
| Æрфыстон текст. | | 1 сах. |
| Нымæцон | 5+1 с. | 5+1 с. |
| Текст-тæрхон. | | 1 сах. |
| Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын æмæ ныффидар кæнын. | 5 сах. | 5 сах. |
| Æдæппæт | 89 сахаты | 102 сах. |